



Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN PANDEMI COVID-19, GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ MURPHY, GOUVÈNÈ LAMONT AK GOUVÈNÈ WOLF BAY ENSTRIKSYON POU FÈMTI TANPORÈ SALON KWAFÈ YO, SALON POU ZONG AK CHEVE YO AK SÈVIS SWEN PÈSONÈL ANVIGÈ SAMDI 8PM

Swit apre direktiv lendi a ki limite kapasite foul pou rasanbleman lwazi ak sosyal ak 50 moun - fèmti sinema, sal jimnastik ak kazino tanporèman ansanm ak sèvis sou plas nan restoran ak nan ba yo

Swit apre fèmen tanporèman tout pòsyon ki andedan sant komèsyal yo vann an detay, pak lwazi ak koridò bowling - apati jedi a 8PM

Nan kad apwòch inifòm pou distans sosyal la pou ralanti pwopagasyon COVID-19 la toupatou nan kat Eta yo

Gouvènè New York la Andrew M. Cuomo, Gouvènè New Jersey a, Phil Murphy, Gouvènè Connecticut la, Ned Lamont ak Gouvènè Pennsylvania a, Tom Wolf te anonse nouvo restriksyon dansite yo pou ede ralanti pwopagasyon COVID-19 - nan kad apwòch inifòm, plizyè eta yo a pou konbat viris la.

Tout slon kwafè yo, salon cheve yo, salon tatou oswa pising yo, salon zong yo, sèvis retire cheve yo, ak sèvis swen pèsonèl ki gen rapò yo pral fèmen pou manm piblik la apati samdi 21 mas a 8PM, kòm moun pa ka bay sèvis sa yo pandan yap kenbe distans sosyal la.

Yè, kat gouvènè yo te anonse pòsyon ki andedan sant komèsyal ki vann an detay yo, ansanm ak pak amizman yo ak pis bowling yo nan kat Eta yo pral fèmen bò 8 PM jedi. Pi bonè nan semèn lan, Gouvènè yo te anonse limit sou kapasite foul pou rasanbleman sosyal ak rekreatif yo ak 50 moun. Gouvènè yo te anonse tou restoran yo ak ba yo tap fèmen pou sèvis sou plas epi pase a sèvis a anpote ak livrezon sèlman. Gouvènè yo fèmen tanporèman sinema, sal jimnastik ak kazino tou.

"Nou konnen fason nouvo kowonaviris la pwopaje, epi nou ap pran desizyon ki baze sou done kòm sityasyon an ap evolye pou kontinye redwi ak ralante pwopagasyon viris la", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nou rete an komunikasyon konstan avèk Eta vwazen nou yo pou asire ke nou ap etabli yon seri règ ak règleman pou tout rejyon an. Fèmti tanporè sa yo pa pral fasil, men yo nesèsè pou pwoteje sante ak sekirite Nouyòkè yo ak tout Ameriken yo."

Gouvènè Murphy te deklare, "Reyalite a rete ke distans sosyal primòdyal pou estrateji global nou an pou ralanti pwopagasyon COVID-19 la ak pwoteje manm ki pi vilnerab yo nan kominote nou an. Pandan ke nou konprann defi restriksyon sa yo poze pou ti biznis rejyon nou an, nou ap travay aktivman avèk gouvènman federal la pou asire ke yo rann disponib soulajman finansye pou pwopriyetè biznis yo ak mendèv pi rapidman posib".

Gouvènè Lamont te deklare, "Kontinye travay yon fason kolaboratif ak rapidman atravè ijans sante piblik kap evolye sa a, nou te pran yon desizyon ki trè difisil po bay enstriksyon pou fèmti etablisman yo ki ta kapab gen enpak sou sante piblik la—tankou salon kwafè yo, zong yo ak cheve yo. Kontinye konfwonte desizyon enpòtan sa yo kòm yon rejyon ak atravè fwontyè nou yo pral pwoteje abitan Eta nou yo".

Gouvènè Wolf te deklare, "Pennsylvania kontinye ap travay avèk Eta vwazen nou yo pou egzekite estrateji rediksyon yo ki pral konbat pwopagasyon COVID-19 nan rejyon nou an. Tout Abitan Pennsylvania yo rekonesan anpil pou apwòch agresif vwazen nou yo ap pran, sa ki pral ede tout abitan nou yo kòm nou ap adrese kriz sante piblik sa a".

Biznis ak moun nan Pennsylvania ta dwe kontinye refere ak [konsèy](#) ki egziste deja pou administrasyon Wolf la pou enfòmasyon fèmti detaye ak lòt rekòmandasyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)